



KÈK ENFÒMASYON SOU Asirans Sante pou Imigran yo

NY State of Health se mache sou Entènèt pou jwenn plan sante yo. Tout moun ta dwe vini nan Mache a pou wè sa Mache a kapab ofri yo.

Pa gen pwoblèm pou kèlkeswa kote ou te fèt. NY State of Health kapab ede ou.



Sou Entènèt nan sitwèb nystateofhealth.ny.gov



Nan telefòn nan nimewo
1-855-355-5777

TTY

1-800-662-1220

Men 4 bagay enpòtan ou ta dwe konnen sou NY State of Health

1 Nou p ap divilge enfòmasyon ou ban nou yo

Sa ou di NY State of Health ak konseye li yo ap rete an sekrè. Nou p ap divilge enfòmasyon ou ban nou pou antre nan yon plan sante ba okenn lòt moun. Epi nou p ap itilize enfòmasyon ou ban nou yo pou okenn lòt rezon.

2 W ap jwenn èd kèlkeswa fason oumenm oswa manm fanmi ou te antre nan peyi bò isit

Menmsi ou pa gen papye imigrasyon, oswa si manm fanmi ou te vini nan peyi bò isit nan diferan fason, ou gen pou ranpli YON SÈL APLIKASYON pou tout moun. Epitou, kèlkeswa sitiyasyon ou, ou ka toujou jwenn pwoteksyon Medicaid pou ijans ak pwoteksyon regilye pou sante pou pitit ou yo (Child Health Plus).

3 W ap jwenn èd nan anpil lang

- Moun ki reponn telefòn nou yo pale anpil lang. Si yo pa pale lang natifnatal ou, y ap ba ou yon tradiktè.
- Nou bay fòmasyon pou moun nan kominote nou ki pale lang ou. Si ou vle, yo kapab vini kote w ap viv la oswa kote w ap travay la.

4 W ap jwenn èd nan anpil fòm

Ou kapab jwenn èd sou Entènèt, nan telefòn oswa an pèsòn nan kominote ou. Konseye nou yo ki resevwa fòmasyon ap ede ou nan chak etap ou chwazi, epitou y ap ede ou antre nan yon plan sante.

- Sou Entènèt nan sitwèb nystateofhealth.ny.gov**
- Nan telefòn nan nimewo **1-855-355-5777**, TTY: **1-800-662-1220****